

1 out

Syèl la louvri, Jezi wè Lespri Bondye desann sou fòm yon ti pijon vin sou li. Lè sa a, yon vwa sòti nan syèl la, li di : Sa se Pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil. Matye 3. 16, 17

Syèl la louvri

“Jezi vin nan larivyè jouden an, bò kote Jan pou Jan batize li. Jan pat dakò fè sa ditou. Li di l : se ou ki pou ta batize m, epi se ou menm ki vin jwenn mwen pou mwen batize ou !” (Matye 3. 13, 14). Pitit Bondye a pran plas li nan mitan pechè sa yo ki repanti de peche yo. Se pou yo li vini. “E men li wè syèl la louvri, Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li. E lè sa a, yon vwa sòti nan syèl la, li di : Sa se Pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil” (v. 16, 17). Sa se yon bagay ekstrawòdinè ! Syèl la louvri, Lespri Bondye desann sou Jezi, e Papa a deklare grandè Pitit li a, yo pa dwe konfonn li avèk moun ki antoure l yo.

Etyèn te parèt devan yon tribinal ki te opoze ak li, li “fikse je li nan syèl la. Li wè glwa Bondye, e li wè Jezi kanpe sou bò dwat Bondye” (Travay 7. 55, 56). Sa se yon mèvèy pou nonm sa yo pral lapide nan yon ti tan. Se pa ti rekonfò nonm yo ta pral matirize ak kout wòch la jwenn, lè li wè Jezi kanpe sou bò dwat Papa a, pou li resevwa li ! Syèl la louvri pou fè wè glwa Jezi Kris.

Konsa, nou menm tou, Bondye envite nou wè glwa Pitit li an nan syèl la, grasa lafwa nou gen nan li. Lè nou wè Jezi grasa lafwa, sa ka ba nou kè kontan pandan n ap tann li vin chache nou, e li kapab ankouraje nou temwaye pou li ak jwa. “Nou tout nou pa kouvri figi nou, nou tankou yon glas k ap fè moun wè pouvwa Bondye a. Konsa chak jou n ap transfòmè, pouvwa li ap grandi nan nou, jouk tan na rive sanble nèt ak Pitit Bondye a. Sa se travay Senyè a. Lespri Bondye a” (2 Korentyen 3. 18).

1 août

Les cieus lui furent ouverts et il vit l'Esprit de Dieu, descendant comme une colombe, venir sur lui. Et voici une voix qui venait des cieus : Celui-ci est mon Fils bien-aimé, en qui j'ai trouvé mon plaisir.

Matthieu 3. 16, 17

Les cieus ouverts

“Jésus vient... au Jourdain, auprès de Jean, pour être baptisé par lui ; mais Jean lui résistait en disant : C'est moi qui ai besoin d'être baptisé par toi, et c'est toi qui viens à moi !” (Matthieu 3. 13, 14). Le Fils de Dieu prend place au milieu des pécheurs repentants. Il est venu pour eux. “Et voici, les cieus lui furent ouverts et il vit l'Esprit de Dieu... venir sur lui. Et voici une voix qui venait des cieus : Celui-ci est mon Fils bien-aimé” (v. 16, 17). Quelle scène grandiose ! Le ciel s'ouvre, l'Esprit descend sur Jésus, et le Père proclame la grandeur de celui qu'il ne faut pas confondre avec ceux qui l'entourent.

Étienne comparait devant un tribunal hostile, mais lui, “fixant les yeux vers le ciel, vit la gloire de Dieu et Jésus debout à la droite de Dieu ; il dit : Voici, je vois les cieus ouverts et le Fils de l'homme debout à la droite de Dieu” (Actes 7. 55, 56). Pour ce martyr qui va être lapidé dans quelques instants, quel merveilleux réconfort que de voir Jésus debout dans le ciel, prêt à le recevoir ! Dans les deux cas les cieus s'ouvrent pour mettre en évidence la gloire de Jésus Christ.

Nous sommes, nous aussi, invités à voir par la foi la gloire de notre Seigneur Jésus dans le ciel. Cette contemplation produira des effets heureux dans notre vie et notre témoignage : “Or nous tous, contemplant à face découverte la gloire du Seigneur, nous sommes transformés en la même image, de gloire en gloire, comme par le Seigneur en Esprit” (2 Corinthiens 3. 18).